

## **Kongrè pou yon nouvo iban.**

**Kongrè pou yon nouvo iban** gade mank investisman nan sant vil yo, gaye nan banlie tout kote, ogmantasyon nan divizyon pa ras ak revni,, deteryorasyon nan anviwònman, disparisyon nan tè agrikòl ak lanati, ak ewozon de patrimwan bati nan sosyete a kòm yon seri de pwoblem ki relye youn avèk lot.

**Nou kanpe** pou restorasyon nan sant iben ak vil ki egziste nan rejyon metwopoliten, pou rekonfigirasyon banlie epapiye nan katye vwazen ak yon distri divès, epi pou konsèvasyon nan anviwònman natirèl ak presèvasyon patrimwan n'ap kite.

**Nou defann** restriktirasyon politik piblik ak pratik nan devlopman pou sipòte prensip sa yo: katye ta dwe genyen itilizasyon divès ak popilasyon divès; kominote ta dwe bati pou pyeton, ak transpò piblik osi byen ke otomobil; vil yo ak katye yo ta dwe trase pa espas piblik ak enstitisyon pou kominote ki defini ak aksesib; espas iben ta dwe ankadre pa desen achitekti ak desen peizaj ki selebre istwa local, klima, ekoloji, ak pratik konstriksyon nan zòn nan.

**Nou rekonèt** ke solisyon fizik selman pap kapab rezoud pwoblem ekonomik ak sosyal, men ni kapab vitalite ekonomik, stabilite nan kominote a, sante anviwònman rive atenn san yon fondasyon fizik ki genyen lojik ak sipò.

**Nou reprezante** yon bon potion nan sitwayen an, ki kompoze de lidè nan sektè prive, lidè nan sektè piblik, militan kominotè, ak profesyonel nan diferan domèn. Nou detèmine pou nou retabli rapo ki genyen ant fason moun konstwi edifis ak fason moun bati yon kominote solid, avèk sitwayen an ki ap partisipe nan planifikasyon ak konsepsyon.

**Nou consacrer** nou menm pou reklame kay, blòk, lari, pak, katye, distri, awondisman, vil, rejyon, ak anviwònman nou.

## **Rejyon an: metwopòl, vil, ak awondisman**

1. Rejyon metwopoliten yo se kote ki defini avèk limit jeografik ki koresponn avèk topografi, kouran dlo, bò lanmè, tè agrikòl, pak rejyonal, ak base rivyè. Yon metwopòl genyen plizye sant ki se vil, awondisman, ak vilaj, chak avèk sant pa yo ak perimèt pa yo tou.
2. Rejyon metwopoliten an se yon inite ekonomik ki se fondamantal nan mond ke nou ap viv kounye a. Tout zafè gouvènmental, politik piblik, planifikasyon fizik, ak estrateji ekonomik yo dwe reflekte reyalyte nouvo sa a.
3. Metwopòl yo genyen yon relasyon nesese ak sansib avèk zone agrè yo ki andeyò ak peizaj natirèl. Relasyon sa se anviwònman an, ekonomik, ak kiltirèl. Tè agrikòl ak

lanati, yo se jis kòm enpòtan pou metwopòl an tankou yon jaden se enpòtan pou yon kay.

4. Modèl devlopman pa ta dwe detwi limit nan metwopòl yo. Devlope tè ki pa itilize ladan zòn iben ka konsèrv resous enwiwònman an, investiman ekonomik, ak fòs sosyal, pandan y ap rekipere zòn ki pa enpòtan ak abandone. Rejyon metwopoliten ta dwe devlope estrateji pou enkouraje devlopman tankou sa olye pou yo devlope deyò zòn metwopoliten yo.
5. Nan zon ki apwopriye, devlopman nouvo ki touche limit iben yo ta dwe òganize tankou katye ak distri, epi yo ta dwe entegre ak modèl yo ki deja egziste nan vil. Devlopman nouvo ki pa touche limit iben yo ta dwe òganize tankou vil ak vilaj ki genyen limit pa yo. Devlopman nouvo sa yo ta dwe planifye avèk yon ekilib ant travay ak lojman, pa tankou yon katye ki se rezidansyèl selman.
6. Devlopman ak redevlopman nan vil ak awondisman yo ta dwe respekte modèl ak limit nan devlopman istorik.
7. Vil yo ta dwe disponib pou diferan aktivite, prive ak publik, ki sipòte yon ekonomi rejyonal ki genyen benefis pou moun ki genyen revni gwo ak pitit. Rejyon an ta dwe genyen lojman ki abòdab, epi ki koresponn avèk òpotinite nan travay, ak evite konsantrasyon nan povrete.
8. Rejyon an ta dwe òganize pa yon rezo transpò ki genyen alternativ. Sistèm transpò piblik, sistèm pou pyeton, ak sistèm pou bisiklèt ta dwe amelyore aksè ak deplasman nan vil yo. An menm tan, yo ta dwe diminye itilizasyon nan otomobil.
9. Revni ak resous finans yo ta kapab pataje byen ansam ant minisipalite ak sant nan rejyon pou evite konpetisyon avèk taks epi enkouraje kowòdinasyon rasyonèl nan transpò, espas rekreyasyon, sèvis piblik, lojman, ak enstitisyon pou kominote.

#### **Katye a, distri a, ak koridò a**

10. Katye a, distri a, ak koridò a, yo se esansyèl nan devlopman ak redevlopman nan metwopòl la. Yo konpoze anplasman ki moun kapab idantifye epi ki enkouraje sitwayen yo pou pran responsablite pou antretyen yo ak evolisyon anplasman yo.
11. Katye yo ta dwe dans, yo ta dwe konvivial pou pyeton, epi yo ta dwe genyen plizyè itilizasyon melanje. Distri yo ta dwe ranje menm jan ak katye yo, kwak en general distri òganize pou rampli yon sel itilizasyon. Konsepsyon espas nan distri yo ta dwe swiv konsepsyon espas nan katye yo. Nan nivo rejyonal, koridò yo konekte katye yo avèk distri yo. Yo ka pran fòm boulva, wout pou tren, rivyè, ak menm promnad.
12. La plipa aktivite ke moun fe chak jou dwe sitiye nan yon perimèt ki aksesib pou

moun apye. Sa pèmèt endepandans pou moun ki pa kondwi, espesyalman granmoun ak timoun. Lari ki genyen rezo konekte ta dwe desen pou ankouraje moun yo pou mache. Rezo pou lari yo ta dwe diminye sikilasyon otomobil ak prezève eneji.

13. Nan yon menm katye, yo ta sipoze genyen plizyè chwa nan lojman ak pri ki asosye avèk lojman sa yo. Sa ta kapab ankouraje moun avèk laj diferan, orijin diferan ak revni diferan vin rete nan menm katye. Sa a pral ranfòse rapò ant vwazen yo, epi se sa ki ta pral bay yon veritab kominote.
14. Koridò transpò piblik, lè yo byen planifye ak kòdone, yo ka ede òganize estrikti a nan yon zòn metwopoliten ak renmèt sant iben yo. Sou okenn preteks, yo pa ta sipoze deplase investisman nan sant iben ki deja egziste avèk koridò gran wout yo.
15. Dansite apwopriye pou edifis ak okipasyon an nan tè ta dwe ase pre avèk transpò piblik pou moun mache. Sa a dwe pèmèt pou moun sèvi avèk trasnpò piblik olye pou yo sèvi avèk otomobil.
16. Aktivite sivik, enstitisyonèl ak komèsyal ta dwe entegre nan katye yo ak distri yo. Aktivite sivik, enstitisyonèl ak komèsyal pa ta dwe izole nan zòn detache ki genyen yon sèl itilizasyon. Anplasman ak grosè lekòl yo dwe ofri aksè ki fasil pou timoun rive apye ou sou bisiklèt.
17. Byennèt ekonomik la ak evolisyon agreyab nan katye, distri, ak koridò yo ta kapab amelyore avèk kòd ki byen elabore pou desen iben si yo itilize tankou gid pou devlopman.
18. Diferan kalite nan pak, pak pou timoun pitit jwe, kare pou vilaj, teren football, ak jaden kominotè ta dwe distribye nan katye yo. Zòn konsèvasyon ak teren vid yo ta dwe itilize pou defini ak konekte katye diferan avèk distri diferan, osi pou konekti ant yo menm.

#### **Blòk la, lari a, ak edifis la**

19. Yon travay prensipal pou tout desen achitekti iben ak desen peizaj nan zòn iben se pou defini fizikman lari a ak espas piblik kòm kote ki pataje plizyè itilizasyon.
20. Pwojè achitekti endividyèl ta dwe fet en relasyon avek anviwònman yo. Sa se yon pwoblèm ki pi enpòtan pase stil.
21. Pwosesis pou renmèt espas iben yo jaret depann sou kondisyon yo nan pwoteksyon ak sekirite. Lari yo ak edifis yo ta dwe trase pou ranfòse sekirite nan anviwònman, men sesi pa ta dwe mal afekte aksè ak akèy nan espas sa yo.
22. Nan metwòpol yo, devlopman ta dwe akomode sikilasyon otomobil. Devlopman an

ta dwe tou respekte pyeton ak espas piblik.

23. Lari ak kare pa ta dwe genyen danje. Yo ta dwe alèz ak enteresan pou pyeton an. Byen trase, lari ak kare enkouraje moun pou mache, pèmèt vwazen konnen youn ak lot nan katye a, epi yo pwoteje kominote pa yo.
24. Desen achitekti ak desen peizaj ta dwe respekte klima, topografi, istwa ak tradisyon konstriksyon lokal yo.
25. Edifis sivik ak espas piblik mande pou zòn enpòtan ranfòse idantite kominote a ak kilti a nan demokrasi.
26. Tout edifis yo ta dwe kite moun yo konnen kote yo sitiye, konman tanperati a santi, epi ki lè li e. Metod natirèl nan èkondisyon kapab pèmèt plis prezèvasyon resous pase sistèm mèkanik.
27. Prezèvasyon ak renovasyon nan edifis, distri, ak peizaj istorik yo afime kontinyite ak evolisyon nan sosyete iben.